



003



**KELOMPOK KERJA GURU MADRASAH IBTIDA'YAH
(KKGMI)
KABUPATEN JOMBANG**

**ASESMEN MADRASAH (AM)
TAHUN PELAJARAN 2025/2026
MI MUHAMMADIYAH 2**

Nama :
No. Peserta Ujian :
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Hari/Tanggal : Senin/11 Mei 2026
Waktu : 07.30 s.d. 09.00 WIB

PETUNJUK UMUM

1. Berdoalah sebelum mengerjakan soal
2. Tulislah nama, nomor ujian, mata pelajaran pada lembar jawaban sesuai dengan kartu ujian
3. Periksa sebelum anda menjawabnya, pastikan setiap lembar soal terlihat dan terbaca dengan terang dan jelas
4. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak atau tidak lengkap
5. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan soal
6. Mintalah kertas buram kepada pengawas ruang bila diperlukan
7. Periksalah sekali lagi hasil kerjaan anda sebelum klik "**FINISH**"
8. Tuliskan nama lengkap(**Enter your full name:**), kelas(**Group/level:**), dan mata pelajaran(**School subject:**) pada kolom yang tersedia
9. Kemudian tekan "**SEND**" untuk mengakhiri ujian.


PETUNJUK KHUSUS

1. Jumlah soal sebanyak 35 butir terdiri dari soal pilihan ganda, soal pilihan ganda kompleks, soal benar salah kompleks, soal menjodohkan dan uraian
2. Soal pilihan ganda terdapat satu jawaban benar
3. Soal pilihan ganda kompleks terdapat dua jawaban benar.
4. Soal benar – salah, menjodohkan, dan uraian sesuai petunjuk soal

A. Pilihlah salah siji jawaban seng bener!

1. Ing jaman modern sing sarwa digital iki, budaya maca asring dipunanggep sepele dening para mudha. Kamangka, maca mujudaken salah sawijining kunci utama kagem nambah seserepan (wawasan) lan mbukak cakrawala pangertosan. Budaya maca mboten namung winates wonten buku wae, nanging ugi saged lumantar media cetak utawi digital ingkang mupangat. Budaya maca menika wigati sanget kagem kemajuan pribadi lan bangsa. Sanadyan saiki jaman media sosial luwih rame, kita mboten pareng nilaraken buku. Kanthi nanemaken budaya maca wiwit alit, kita saged dados generasi ingkang pinter, wicaksana, lan saged ngadhepi tantangan jaman.
Pernyataan kang trep miturut isi wacan kasebut yaiku...
 - A. Maca meniko naming lumantar media cetak.
 - B. Budaya maca luweh rame tinimbang media social.
 - C. Budaya maca saget mbukak cakrawala pangertosan.
 - D. Ing jaman modern, para mudha ugi remen maca buku.
2. Miturut wacan kasebut budaya maca wigati sanget kangge kemajuan pribadi lan bangsa. Kepriye tindakanmu kanggo ningkatno budaya maca?
 - A. Maca buku pelajaran mergi enten tugas saking guru.
 - B. Remen maca namung ten media social mergi luweh seru.
 - C. Dateng ten perpustakaan wanci istirahat kangge maca buku.
 - D. Dateng ten perpustakaan kangge ningali buku koleksi perpustakaan.
3. Sandhangan swara ing aksara jawa iku cacahé ana lima yaiku : wulu, pepet, suku, taling, lan taling tarung. Sandhangan Swara sing digunakake kanggo nulis tembung” **kupu kuwi**” yaiku...
 - A. Suku lan pepet
 - B. Suku lan wulu
 - C. Taling tarung
 - D. Pepet lan wulu
4. Perhatekna teks prosedur acak iki!
 1. Lebokkake sandhangan menyang tabung.
 2. Pastekna mesin cuci nyolok nang listrik
 3. Pilahen sandhangan putih karo sing warna..
 4. Tambahke deterjen lan atur banyu.
 5. Pencet tombol pengering.
 6. Pindahke sandhangan nang tabung pengering.
 7. Pencet toboh start kanggo mulai ngumbah.Urutan cara ngumbah sandhangan nganggo mesin cuci sing bener yaiku...
 - A. 1-3-2-4-7-6-5
 - B. 1-3-2-4-6-7-5
 - C. 2-3-1-4-7-6-5
 - D. 2-3-1-4-6-7-5

5. Perhatekna crita ing gambar iki!



Irah-irahan kang tepat kanggo crita kasebut yaiku...

- A. Tiga Binatang Lucu
 - B. Penghuni Hutan Rimba
 - C. Kambing yang bersahabat
 - D. Tiga Sahabat yang Kompak
6. Crito kasebut ngandung pesen moral sing patut diconto yaiku...
- A. Kekancan iku kudu pilih-pilih sing becik.
 - B. Kekancan iku kudu kompak pas wayah seneng.
 - C. Kekancan iku kudu tulung –tinulung wektu kesusahan.
 - D. Kekancan iku padha tulung- tinulung senajan kanggo keelekan
7. Ghatekna tembang iki!

Padha sregep nggolek ilmu
Guna kanggo masa ngarsi
Aja lali marang bapa
Ibu kang tansah ndedongi
Supaya dadi wong mulyo
Pinter sarta bekti dadi

Tembang kinanti kasebut nyritakake piweling kanggo para mudha. Miturut pendapatmu tindakan kang trep karo tembang kasebut yaiku...

- A. Para mudha kudu nganut trend masa kini supaya pinter.
- B. Para mudha kudu bekti marang wong tuwo supaya urip mulya
- C. Para mudha ora usah kwatir, mergo urip mulya iku wes takdir.
- D. Para mudha iku mangsane dulinan, dadi nggolek ilmu sak cukupe wae.

8. Gathekno pethikan geguritan iki!

Srengenge wis muncul ing wetan
Nggugah raga, nyingkirake rasa wegah
Buku lan potlot wis siyap ing tas
Mangkat sekolah kanthi ati sing ikhlas
Geguritan kasebut duweni pesen...

- A. Berangkat sekolah sakdurunge srengenge muncul.
- B. Berangkat sekolah kudu dipeksa bapak kaliah ibu.
- C. Buku lan potlot disiyapake pas ape mangkat sekolah.
- D. Buku lan potlot disiyapake wayah sinau sore ben isuk ora gupuh.

Ghatekno pachelaton kanggo no.9 lan 10 iki!

Bimo : (Lagi asyik dolanan HP ing kamar, nanging lampu, kipas angin, lan TV ing ruang tamu kabeh isih murub sanadyan ora ana wong).

Bapak : "Bim, mreng dhisik sedhela, Le."

Bimo : "Nggih, Pak. Wonten menapa?" (Bimo mlaku nyedhak Bapak).

Bapak : "Coba delengen ing ruang tamu lan kamarmu. Lampu murub kabeh, TV ora ana sing nonton kok ya isih nyala. Kipas anginmu ya mubeng terus."

Bimo : "Oalah, nggih Pak. Kula patenane."

Bapak : "Le, awake dhewe kudu mbiasakake hemat energi. Listrik kuwi dudu barang sing gratis lan asale saka sumber daya alam sing bisa entek."

Bimo : "Ngapunten, Pak. Menapa mupangate hemat energi sakliyan niku?"

Bapak : "Akeh banget, Bim. Sing kapisan, mesthine bisa ngirit mbayar listrik. Sing kapindho, awake dhewe melu njaga lingkungan amarga pambangkit listrik kuwi biasane isih nganggo bahan bakar fosil sing ngeterake polusi."

9. Miturut isi pachelaton kasebut, tindakan hemat energi iku kudune...

- A. diatur pemerintah supaya padha patuh.
- B. mung kanggo seng duweni alat elektronik akeh.
- C. Gak usah dilaksanakno angger sanggup mbayar listrik
- D. diwiwiti saka cilik ben bisa dadi pembiasaan hemat energi.

10. Misal awakmu dadi Bimo, tindakanmu seng becik yaiku...

- A. Manut dawuhe bapah ben ora didukani.
- B. Manut dawuhe Bapak supaya bapak seneng.
- C. Manut dawuhe bapak mergo kepengen njaga lingkungan.
- D. Tetep nyalakno alat listrik bebarengan mergo butuhe pas bareng.

11. Cita turun-temurun sing nyritakake bab dewa-dewi utawa kedadean sing asipat religious lan dianggep nyata dening masyarakat kayata Cita *Nyi Roro Kidul* lan *Dewi Sri* (Dewi Pari) kalebu jenise cita...

- A. fabel
- B. mite

C. dongeng

D. legenda

kanca ingkang kula tresnani, Kebersihan menika perangan saking iman. Menawi lingkungan kita resik, pikiran kita ugi badhe dados padhang lan semangat nalika sinau utawi nyambut damel. Kosok balinipun, menawi lingkungan reged, penyakit kados demam berdarah saged ngganggu kesehatan kita.

Para rawuh ingkang kinurmatan, Kula ngajak panjenengan sedaya, sumangga kita sesarengan..... Cekap

semanten sesorah ingkang saged kula aturaken. Mbok bilih wonten klentu anggen kula matur, kula nyuwun aguning samudera pangaksami.

12. Ukara kang trep kanggo nglengkapi bagian sesorah kasebut yaiku...

A. ngadakaken kerjabakti resik resik lingkungan

B. nggalang dana kangge nyediakno tempah sampah.

C. nggadahi rasa tanggung jawab dhumateng karesikan lingkungan.

D. Nggugah tanggung jawab pemerintah dhumateng karesikan lingkungan.

Basa Krama alus yaiku basa seng digunaake kanggo guneman marang wong seng dihormati utawa wong seng luweh tuwa ,tuladhane guneman marang ibu kudu nggunakake basa karma alus.

Ukara “Ibu lunga menyang Solo numpak sepur.” Iki ijek nggunakake basa ngoko.

13. Ukara kasebut yen diubah dadi basa karma alus becike...

A. Ibu tindak dhateng Solo nitih sepur.

B. Ibu lunga dhateng Solo nitih sepur.

C. Ibu tindak dhateng Solo numpak sepur.

D. Ibu Tindak menyang Solo numpak sepur

14. Bapak Pucung, dudu watu dudu gunung
Sangkamu ing sabrang
Ngon-ingone sang Bupati
Yen lumaku, si Pucung lambeyan grana
Tembang pucung kasebut ngandut fungsi...

A. hiburan

B. nasehat

C. teka-teki

D. pengingat

15. Adhedhasar data sauntara saka BPBD (Badan Penanggulangan Bencana Daerah) nggenani dampak banjir ing Lumajang. Ana udakara seket (50) omah sing rusak amarga kencing banyu lan lendhut. Saliyane iku, sawetara kewan ternak kaya sapi lan wedhus kagawa arus. Bejane, ora ana kurban jiwa ing kedadeyan iki, nanging kapitunan (kerugian) materi ditaksir nganti atusan yuta rupiah.

Ide pokok paragraph kasebut yaiku...

A. Bencana banjir seng nyebabake korban jiwa.

B. Kewan ternak kaya sapi lan wedus kagawa arus banjir.

C. Data sauntara saka BPBD nggenani dampak banjir Lumajang.

D. Data Kapitunan materi dampak banjir ditaksir nganti atusan yuta.

B. Pilihlah loro jawaban seng bener!

16. Ing Basa Jawa ater-ater yaiku imbuhan sing ana sak ngarepe tembung.. Kalimat ing ngisor iki nggunakake ater-ater tripurusa yaiku...

- A. Simbah nyapu latar.
- B. Bukumu dakgawa muleh.
- C. Adhek nggambar peta Indonesia.
- D. Adhek dakwarahi nggawe rujak.

17. Wacanen geguritan ing ngisor iki!

*Pahlawanku
Lelabuhanmu pancen luhur...
Tanpa pamrih, tanpa mundur
Senajan raga ajur dadi awu
Kowe tetep maju, ora nate mlayu
Ing madyaning Tegal Kurusetra...
Dudu dadi tontonan, nanging dadi kurban
Gamanmu dudu dhuwit utawa pangkat
Nanging tekad sing wis dadi jimat
Pernyataan kang nggambarake isi geguritan kasebut yaiku...*

- A. Pahlawan duweni jiwa ksatria sing pantang mundur.
- B. Pahlawan ing medan perang merga duweni pangkat.
- C. Pahlawan ngorbanake jiwa lan raga in medan perang.
- D. Pahlawan nduweni gaman sing sakti mulo nderek perang.

18. Pahlawan duweni jasa seng gedhe kanggo Negara, Mulo sikap seng becik kanggo nerusake perjuangan pahlawan nek jaman modern iki yaiku...

- A. Belajar bela diri kanggo ngadepi perang.
- B. Belajar seng tekun kanggo nggayuh cita-cita.
- C. Ngadakne lomba kanggo mengeti hari pahlawan.
- D. Duweni sikap pantang mundur ngadepi tantangan jaman.

19. Ghatekno wacan iki!

Pak Rusli punika tiyangipun prasaja lan pinter sanget. Piyambakipun ngertos kathah babagan tetanduran, kewan, lan ugi babagan jagad.

Warga desa remen kaliyan Pak Rusli. Piyambakipun mboten pelit ilmu, sinten mawon engkang tangklet babakan tetanduran mesti diparingi solusi. Pak Rusli mboten kuatir bakal kesaingan kalian warga desa. Miturut Rusli Rejeki niku sampun diatur Gusti Allah.

Pepindhan iki kang trep karo isi wacan kasebut yaiku...

- A. Pak Rusli mboten kuatir kesaingan mergi” ana dina ana upa”
- B. Pak Rusli tiyang engkang pinter kados” gajah ngidak rapah”
- C. Pak Rusli tiyang engkang pinter kados “bathok bolu isi madu”
- D. Pak Rusli mboten kuatir kesaingan mergi” kaya banyu karo lengo”

20. Gathekno gambar ring ngisor iki!



Keprigelan panemumu ngenani informasi bab perpustakaan kasebut...

- A. Perpustakaan sing becik iku dibangunane megah supados nyaman anggane maca.
- B. Asring ngunjungi perpustakaan supados saget nambah ilmu pengetahuan.
- C. Perpustakaan nyediani warna-warna buku kanggo bahan literasi.
- D. Belajar sing paling apik iku manggon ing perpustakaan

C. Tentokno Bener(B) utawa Salah(S) pernyataan – pernyataan ing ngisor iki!

Wacan kanggo no. 21 lan 22

Nalika Bima tekan omahe Pak Darma ajenge balekake dompet sing ditemokne, Pak Darma metu kanthi praupan sing bingung lan susah. Bareng Bima ngulurake dompete, mripate Pak Darma dadi sumringah lan kaca-kaca amarga seneng. Pak Darma crita yen dhuwit iku mau sejatine kanggo mbayar biaya rumah sakit bojone sing lagi opname.

Pak Darma nyoba menehi dhuwit minangka tandha matur nuwun, nanging Bima nolak kanthi alus. Bima mulih kanthi rasa sing luwih entheng lan ayem. Senajan sakune tetep kothong, nanging atine kebak rasa marem amarga wis bisa njaga amanah lan kejujuran.

21. Tentokno bener utawa salah bab unsur intrinsic crita kasebut!

	Pernyataan	Benar	Salah
1	Bima nduweni watak amanah lan jujur.		
2	Pak Darma duweni watak sing angkuh		
3	Kedadean crita kasebut ana ing daleme Pak Darma..		

22. Tentokno bener utawa salah bab pesan moral sing ana ing crita kasebut!

	Pernyataan	Benar	Salah
1	Dadi wong kudu duweni sikap amanah supaya uripe temtrem		
2	Sikap jujur lan amanah iku ugo iso nyebabake kebangahane wong liyo		
3	wong sing nduweni sikap jujur supaya uripe gak bakal makmur.		

23. Gathekno gamba ring ngisor iki!



Tentokno bener utawa salah pendapat iki bab cara njaga bumi kang trep karo isi poster kasebut!

	Pernyataan	Benar	Salah
1	Ngunakake alat listrik sakperlune iso ndadekake tindakan seng ngirit energi		
2	Kerjabakti ngresiki sekolahan ugo bisa diarani njaga bumi		
3	Nanem pohon mung iso dilakokake wong gedhe.		

Wacanen kanthi teliti teks ing ngisor iki!

Senajan tresna banget marang Pandawa, Bhisma kudu mbelani Kurawa amarga dheweke wis sumpah bakal njaga Kraton Hastinapura sapa wae sing dadi rajane. Ing mripate Pandawa, Resi Bhisma iku gunung sing dhuwur banget lan angel dikalahake. Saben dina, ewonan prajurit Pandawa gugur amarga panah-panahe Bhisma.

Prabu Kresna, minangka pangatur siasat Pandawa, ngerti yen Bhisma ora bakal tega manah wong wadon. Kresna banjur ngutus **Dewi Srikandi** supaya dadi senopati tanding. Srikandi iku sejatine titisane Dewi Amba, putri sing tau disengsarakake dening Bhisma ing jaman biyen lan wis sumpah bakal dadi jalari patine sang Resi.

24. Tentokno bener utawa salah pernyataan iki miturut wacan kasebut!

	Pernyataan	Benar	Salah
1	Bisma satria seng kuwat lan ahli panah.		
2	Prabu Krena iku piantun seng licik akeh siasate		
3	Bisma duweni watak ksatria seng nepati sumpah dewe		

Ghatekno pachelaton ing ngisor iki!

- Budi** : "San, Jar, kowe wis krungu kabar durung? Wingi bengi desane kanca kita, si mulyono, kebanjiran nganti sak dhengkul amarga udan deres banget."
Santi : "Iya, Bud. Aku wis krungu mau esuk ing grup WhatsApp kelas. Jarene akeh buku lan seragame Mulyono sing teles kabeh amarga ora kober ngentas."

- Fajar** : "Wadhuh, mesakake banget ya. Padahal minggu ngarep awake dhewe wis wiwit ujian semester. Terus piye kahanane saiki?"
- Santi** : "Piye yen mengko sore awake dhewe mrono? Ora mung tilik, nanging uga nggawa bantuan. Aku duwe seragam sing isih apik lan bisa dienggo Mulyono."
- Fajar** : "Aku setuju! Aku tak nggawa alat tulis lan mbokmenawa panganan sithik-sithik kanggo kanca-kanca sing lagi kerja bakti ing kono. Ngomong-ngomong, kok bisa banjir banget ngono ya, padahal biasane ora?"
- Budi** : "Kuwi lho, Jar. Aku wingi lewat jembatan cedhak desane, jebule kaline kebak sampah plastik lan pang-pang kayu. Dadi banyune mbludak menyang dalan lan omah warga."

25. Tentokno bener utawa salah tindakan ing pernyataan iki kanggo nanggapi isi dialog kasebut!

	Pernyataan	Bener	Salah
1	Kudune pemerintah desa nggerakno masyarakat resik-resik sampah saka kali ben ora banjir maneh.		
2	Saben omah diwajibno nyiapno papan panggonan kanggo buwang sampah		
3	Warga sekolah ugo iso nglumpukake bantuan kanggo mbantu warga korban banjir		

D. Jodhokna kanti bener!

Desa Sukamaju dadi desa sing asri lan ayem. Saben esuk, para tani wis padha budhal menyang sawah. Praupane para tani mau katon sumringah, **panyrawungane sumeh banget kaya madu pinastika**. Senajan pakaryane abot, nanging kabeh dilakoni kanthi rukun. Pancen bener unine bebasan, "**Rukun agawe santosa, crah agawe bubrah**". Warga desa iku tansah gotong-royong, ora ana sing seneng tukaran.

Nanging, ora kabeh wong ing desa iku duwe watak becik. Ana sawijining nom-noman jenenge Mardi. Mardikuwi bocahe kesed banget, pakaryane mung klambrangan ora nggenah. Senajan awake gagah, nanging yen didhawuhi mbantu wong tuwane, polahe **kaya kidang lumayu**. Deweke tansah golek alesan supaya ora nyambut gawe.

26. Jodhokno pepindhan sing ana ing wacan kasebut ambek arti seng trep!

Pernyataan		Premis
1. Sumeh kaya madu pinastika	<input checked="" type="radio"/>	A. Kerukunan mbarahi kuwat, pasulayan mbarahi ajor
2. Rukun agawe santosa crah agawe bubrah	<input checked="" type="radio"/>	B. Praupane nyenengake
3. Kaya kidang lumayu	<input checked="" type="radio"/>	C. Wajahe ayu lan manis
	<input checked="" type="radio"/>	D. Polahe trengginas lan kesit

Gathekno Tembang Pocung ing ngisor iki!

Yen sinau, aja mung waton weruh,
 Nanging dipahami,
 Mrih ngelmu mupangat tulus,
 Dadi sangu, mring mulyaning urip jati.

27. Jodhokno pernyataan bab paugeran tembang karo paugeran tembang macabat kasebut!

Pernyataan		Premis
1. Guru gatra	<input checked="" type="radio"/>	A. 12, 6, 8, 12
2. Guru lagu	<input checked="" type="radio"/>	B. 12u, 6a, 8i, 12a
3. Guru wilangan	<input checked="" type="radio"/>	C. Cacahing ana 4 larik
	<input checked="" type="radio"/>	D. u, a, i, a

Gathekno wacan ing ngisor iki!

Supaya sesorah iku apik lan sistematis, kudu ana perangan-perangan kaya ing ngisor iki:

1. Salam Pembuka: Isine salam pakurmatan marang para tamu.
2. Purwaka (Pambuka): Isine atur pakurmatan marang para rawuh lan atur syukur marang Gusti Kang Maha Kuwaos.
3. Surasa Basa (Isi): Iki perangan sing paling wigati, isine bab-bab utawa inti sing arep disampaiake marang pamirsa.
4. Dudutan (Kesimpulan): Ringkesan saka kabeh isi sesorah sing wis diwedharake.
5. Pangarep-arep (Harapan): Isine panyuwunan marang para rawuh supaya gelem nindakake apa sing dadi isine sesorah.
6. Wasana Basa (Panutup): Isine atur panuwun lan nyuwun pangapura yen ana kaluputan anggane micara.

28. Jodhokna pernyataan bab sesorah iki ambek paugerane sesorah!

Pernyataan		Respon
1. Kawilujengan saha karaharjan mugè tansah tumandhuk dhumateng kula lan panjenengan sedaya	<input checked="" type="radio"/>	A. Wasana basa
2. Pepuntoning atur, kirang saha lepatipun kula tansah nyuwun agung sih samodra pangetsami	<input checked="" type="radio"/>	B. Surasa basa
	<input checked="" type="radio"/>	C. Purwaka
3. Prelu kula aturaken, menawi taya mujutaken bab engkang wigatos menggahing bobot kasarasan badan kita	<input checked="" type="radio"/>	D. Dudutan




Gathekno gambar ing ngisor iki!



29. Jodhokno pernyataan pendapat iki karo penyebab kedadeyan seng ana sakjroning gambar kasebut!

Pernyataan		Respon
1. Wong negor wit-witan ing pereng gunung kanggo lahan tani.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/> A. Bangunan sing abot banget ing papan miring bakal nambah tekanan marang struktur lemah.
2. Mbangun omah gedhong ing pinggir tebing sing dhuwur.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/> B. Wit-witan kuwi "jangkar" alami, kanggo nahan tanah.
3. Mangsa ketiga ngerak njalari lemah dadi nela (retak).	<input type="radio"/>	<input type="radio"/> C. Wit-witan kuwi akare kanggo nyimpen cadangan banyu <input type="radio"/> D. Yen lemah nela kudu ndang ditutup supaya banyu udan ora dadi "pelumas" ing jero lemah.

30. Jodhokno pernyataan bab ukara nganggo aksara jawa iki karo tulisan latinne!

Pernyataan	Respon	Respon
1 	<input type="radio"/>	<input type="radio"/> A. rawon daging
2 	<input type="radio"/>	<input type="radio"/> B. Masak sega liwet
3 	<input type="radio"/>	<input type="radio"/> C. Liwat dalam seng rata
		<input type="radio"/> D. Mangan rujak cingur

E. Jawaben pitakon iki kanthi bener!

31. Ghatekno pachelaton ing ngisor iki!

- Sari** : "Ren, kowe kok mripate katon abang banget? Apa kowe kurang turu?"
- Rendi** : "Iya, Sar. Wingi bengi aku dulinan *Mobile Legends* bareng bocah-bocah nganti jam loro bengi. Tangine dadi kawanen iki mau."
- Sari** : "Wadhuh, Ren! Kowe kuwi lho, dulinan HP kok ora ngerti wektu. Apa kowe ora kelingan yen dina iki ana ulangan Matematika jam kapisan?"
- Rendi** : (Kaget) "Hah? Ulangan Matematika? Duh, aku babar blas durung sinau! Aku wingi saking asyike dulinan HP nganti lali mbukak buku."
- Sari** : "Kuwi wis dadi akibate. Dulinan HP kuwi oleh-oleh wae, nanging kudu ngerti batese. Ojo nganti ngrusak jadwal sinau lan istirahat."
- Rendi** : "Bener kandhamu, Sar. Saiki sirahku krasa mumet, mripatku perih, lan pikiranku dadi ora fokus. Aku dadi getun banget."

Seumpama awakmu dadi Rendi, jelasno tindakanmu selanjute sakwise kenek akibate dulinan HP nganti lali wektu!

32. Wacanen teks ing ngisor iki!

Gugure Sang Resi

Nalika ing madyaning paprangan, Resi Bhisma weruh Srikandi titisane Dewi Amba munggah ing kreta perang bebarengan karo Arjuna. Sanalika, Bhisma ngeterake gegaman lan mesem. Dheweke ngerti yen wis tekan titi wancine "utang nyawa" marang Dewi Amba kudu dibayar.

Srikandi ngetepake jemparing (panah) **Pasopati** sing dibantu dening Arjuna. Panah kasebut nancep ing dhadhane Resi Bhisma. Ora mung siji, nanging atusan panah liyane nancep ing awake nganti Resi Bhisma tiba saka kretane. Nanging, awake ora nggandheng lemah, amarga kasangga dening panah-panah sing nancep mau (dadi klasa jemparing).

Jelasno pesan moral seng ana sakjroning wacan pewayangan kasebut!

33. Wacanen teks ing ngisor iki!

"Para rawuh ingkang kinurmatan, cekap semanten ingkang saged kula aturaken.
Mugi-mugi punapa ingkang kula aturaken wonten gunanipun kagem kita sedaya. Kula minangka sesulih,.....
Tuku santen wonten peken,
Sedaya lepat nyuwun dipun ngapunten.

Lengkapi bagian penutup sesorah kasebut nggunakake basa seng mathuk!

34. Ukara-ukara ing ngisor iki tulisen nganggo aksara jawa!

- a. Bocah lanang wadon
- b. Menyang pasar tuku jangan

35. Gathekno gambar ring ngisor iki!



Gawekno karangan deskripsi seng mathuk kanggo nyritakake ciri-ciri kewan sing ana gambar kasebut! Karangan paling sakithik ana 5 ukara.